ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫ ФАКУЛЬТЕТИ
ЖУРНАЛИСТИКА БАҒДАРЫНЫҢ 2-КУРС СТУДЕНТИ
МАТЕКОВ ИСЛАМНЫҢ

ЖУРНАЛИСТЛИК ДӨРЕТИЎШИЛИК ТЕОРИЯСЫ ҲӘМ МЕТОДИКАСЫ ПӘНИНЕН

# КУРС ЖУМЫСЫ

ТЕМАСЫ: ТЕЛЕЖАНРЛАРДЫҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

ОРЫНЛАҒАН: МАТЕКОВ И.

ҚАБЫЛЛАҒАН: ЖӘРИМБЕТОВ Е.

НӨКИС-2014

# ТЕЛЕЖАНРЛАРДЫҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

ЖОБАСЫ:

**КИРИСИЎ**

**А) ТЕЛЕЖАНРЛАРДЫҢ ӨЗГЕШЕЛИК ТӘРЕПЛЕРИ**

**Б) ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ТЕЛЕЖАНРЛАРДЫҢ ӨЗГЕШЕЛИГИ ҲӘМ ӘҲМИЙЕТИ**

**ЖУЎМАҚЛАЎ**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ**

# КИРИСИЎ

Тележурналистиканың жанрлары ҳаққында сөз жүритилгенде, портрет, комментарий, есап, шолыў, сәўбет, ток-шоу, баспа сөз конференциясы жөнинде айтып өтиў орынлы. Репортаж, очерк, сүўретлеме, сатиралық жанрлар да тележурналистиканың тийкарғы жанрларынан болып табылады.

«Жанр» термини француз тилинен алынған, қарақалпақ тилинде «түр» дегенди билдиреди. Журналистикада жанр деп публицистиканың түрлерин атаў қәлиплесип кеткен. Жанр өмирди ҳәр түрли дәрежеде көрсетип бериўге, өмирдеги ҳәр қыйлы қубылысларға ҳәр тәреплеме қатнас жасаўдың нәтийжесинде жүзеге келген. Журналисттиң өз алдына қойған ўазыйпалары, турмыс талаплары ҳәм де көрсетиўдиң бағдарына қарай телевизиялық жанрлар да ҳәр түрли болып келеди. Жанрдың қандай да бир түрин таңлаў журналисттиң өз позициясына, өзи алып шықпақшы болған көрсетиўиниң бағдарына деген көз карасы ҳәм қатнасына, сондай-ақ, басқа да қәсийетлерине байланыслы болып келеди. Бунда әсиресе, тил өзгешеликлери, сүўретлеў қуралларының айырықшалығы, техникалық мүмкиншиликлери де ҳәр бир жанрдың тәбияты, өзгешеликлери ҳәм белгилерин анықлап бериўи тийис.

Журналистика теориясы бойынша жанрды төмендеги белгилер бойынша анықлаўға болады:

1. Журналист сүўретлемекши болған турмыслық қубылыстағы фактлилик дәрежеси ҳәм сапасы
2. Жанрдың тийкарғы ўазыйпасы
3. Көрсетиўге тийисли болған дәреклер ҳәм улыўмалық белгилердиң көлеми, типик дәрежеси
4. Әдебий стилистикалық тәсир етиў дәрежеси

Тележурналистиканың жанрлары ҳәм формалары баспа сөз бенен радиода жүзеге келген, бир қанша ўақытлар даўамында сыннан өткен жанрлардың тийкарында раўажланып, кирип келди. Баспа сөз жанрлары радионың өзгешелигине сәйкесленип, оның ажырамас бөлегине айланды. Жанрлар радиода радио газета көринисинде болған болса, телевидениеде тележурнал көринисинде раўажланды. Солай етип, тележурналистика жанрлары тележурналдан басланып, раўажланып отырды. Изертлеўлер нәтийжесинде баспа сөз бенен кино, радио ҳәм тележанрлардың арасындағы жәмийетлик-сиясий, тәрбиялық функцияларының бир-бирине жақын екенлиги анық болды. Бирақ, тележанрларды изертлегенде сюжеттиң толық көринисти көрсете алатуғын айырықшалығы баслы орынға көтерилди.

## ТЕЛЕЖАНРЛАРДЫҢ ӨЗГЕШЕЛИК ТӘРЕПЛЕРИ

Жанр – тарийхый категория. Ол түрли дәўирлерде түрли өзгерислерге ушырап отырады. Жанрдың турақлы белгилери ҳәр бир дәўирге сәйкес өзгерип, қосымша көплеген өзгешеликлерди қабыллайды. Бирақ, сол өзгешелик тәрепи оның тийкарғы мазмуны сыпатында тән алынбайды, сонлықтан, дөретпени белгили бир жанрға жатқарыўда оның айтарлықтай тәсири сезилмейди. Ҳәр бир жанр өзиниң композициялық ҳәм көркемлилик өзгешеликлери менен көринисти өзгеше сүўретлейди.

Жанрлардың эволюциясы ўақыт ҳәм дәўир менен тығыз байланыслы болады. Илимпаз В.Ученова «Жанрлардың арасындағы түрлениў, ажыралыў ҳәм биригип кетиў нәтийжесиндеги көбейип кетиў процесси 70-жыллардың орталарынан басланды», - деп айтып өткен. В.Ученова жанрлардың диффузияланыўын олардың бир-бирин байытыўы, сондай-ақ, адамлардың өзин қоршаған орталық пенен байланысындағы қатнасықтың жоқары раўажланыўы менен байланыстырып қарайды. Адам санасындағы үзликсиз өзгерис те жанр элементиниң публицистикалық текстиниң ишки сапасына да өз тәсирин тийгизеди. Оларға дәлийл-есап, сәўбет, корреспонденция, репортаж информациялық таллаў көринисинде болса, журналистлик изертлеў, пресс-релиз, сәўбетлесиў, болжаў бүгинги күнде жанрлардың қурамында изертленип келинеди.

Илимпаз Б.Чесноков болса, эфирдеги хабарларда баспа сөз жанрларының толық формада гезлесетуғынлығын айтып өтип, «Телевидениедеги рецензия, аннотация, критикалық-библиографиялық шолыў баспа сөзге тән, олар телевидениеге жасалма түрде киргизилген жанрлар болып табылады... Бул жанрларды баспа сөзде қалдырған мақул болады», - деген пикирди айтып өтеди.

Баспа сөз, радио ҳәм телевидениедеги жанрларды бир-бири менен салыстыра изертлеген М.Барманқулов «Телевидениеде ислеўши хызметкерлерди тек ғана информацияға арналған көринисти қалайынша эфирге узтыў керек – диктордың сөйлеп турған ҳалындағы көриниси ме, фото ямаса хроникалық плёнкаларды эфирге бериў арқалы ма деген сораўлар көбирек қызықтырады. Себеби, олардың формасы ҳәм мазмунының өзи ҳәр бири өз алдына бир жанрды талап етеди», - дейди. Ол жанрға анықлама бере отырып, «...Жанр дегенимиз – раўажланып отыратуғын түсиник. Кешеги жанр бүгингидегиден басқаша болып еди, ал ертеңги күнгиси буннан да басқаша болып өзгерип кетиўи мүмкин», - деп айтады. Публицистиканың улыўма келбетиниң ҳәмме ўақыт та өзгериске ушырап отыратуғынына усы пикир дәлийл болып есапланады.

Материалды таярлаў ўақтында ҳәрекеттеги көринисти тамашагөйдиң көз алдына ҳақыйқый етип көрсетиў ушын журналист ҳәр түрли усыллардан пайдаланады. Олар

рациональ-теоретикалық, көркем-публицистикалық ямаса форма менен мазмунның бирлиги болып есапланады. Усы өзгерислерди барлық жанрлардың баспа сөзден радиоға, соңынан телевидениеге өткен ўақыт аралығы менен байланыстырып қараў зәрүр деген пикирге келиўге болады.

Жанр тәбиятындағы өзгеристи өмирдиң өзи жаратып береди. Бул жанрлар эволюциясындағы ең дәслепки ҳәм баслы себеп болып есапланады. Егер 60-жыллары телевизиялық журналлар перспективалы болған болса, 70-90-жыллары хабар, пикирлесиў, сәўбет, репортаж, очерк, шолыў жанрлары, ал 90-2000-жыллары түсиник бериў, дискуссия, тиккелей информация, теле-көпир жоқары дәрежеде болды. Солай етип, жанр тәбиятының эволюциясын жәмийеттиң раўажланыў процесслери менен байланыслы етип қараў орынлы болып табылады.

Илимий мийнетлерде илимпазлар эволюция түсинигин белгили бир процесстиң бир қәлиптен екинши бир қәлипке өтиўи, оның бурынғы көринисиниң айтарлықтай дәрежеде өзгериўиниң нәтийжесинен болады деп түсиндиреди. Сонлықтан, жанр эволюциясы да баспа сөз бенен радиодағы өз формасы ҳәм көринисин өзгертип, түрлендирип, экран нызамлылыкларына бойсындыра отырып, байып барады ҳәм өзгереди деп түсиндириўге болады. М.Барманқулов жанрлар эволюциясын төмендегише басқышларға бөледи:

А) Жоқ болып кетиў (декрет, мәлимлеме, манифест, декларация)

Б) Қайта тиклениў (репортаж, сәўбет)

В) Қайта түрлениў ҳәм жаңа мазмун менен толықтырыў (публицистикалық шолыў)

Г) Дәстүрий жанрлардағы өзгерис

Д) Жанрдың басқаша мағанаға ийе болыўы.

Жанр эволюциясын бириншиден, ўақыт пенен, екиншиден, сүўретлеўши қураллар менен, үшиншиден, жанрдың атқаратуғын ўазыйпасы менен байланыстырып қараў керек деп айтып өтеди.

1958-90-жылларда телевидение жанрларынан тележурнал, телехабар, тележаңалықлар, телехроника, телесәўбет, телешоу, телеочерк, дискуссия, баспа сөз конференциясы, корреспонденция, сүўретлеме, телефельетон, телефильмлер ортаға шықты. Жанрлардың эволюцияланыўы да техниканың раўажланыўы, аудитория талапларының өзгерип отырыўы, жәмийеттиң жаңаша формаларының қәлиплесиўи, телеканаллар функциясының өзгериўи, дөретиўшилик ҳәм техникалық жәмәәттиң излениўлери нәтийжесинде раўажланып отырыўын айтып өтиў керек болады.

50-60-жылларда жанрлардың айырымлары телевидениеге сәйкеслене баслаған болса, айырымлары жоқ болып кетти. 60-жыллары тележурналдың келешеги жарқын деп ойланатуғын еди. Телевидениеге форма излеўде тележурнал дәслепки қәдем сыпатында ортаға шыққан еди. Көпшилик оларды сүйип тамашалайтуғын еди. Себеби, телевидение өзиниң жәмийеттеги ўазыйпасын орынлай отырып, журналистиканың басылым түринде әўелден белгили тематикалық, ҳәр түрлилик, материалдағы индивидуаллықты жәмлестирип, оны экранға қайта қолайластырды.

Кейин ала телевидениениң қурамына избе-из информациялық-публицистикалық, көркем-публицистикалық жанрлар келип қосылды, телехабарларды бериў жолға қойыла басланды, телекиноның дәслепки базасы жаратылды, оқыў-тәрбиялық бағыттағы бағдарламалар жүзеге келди. Солай етип, аудиторияның талапларын есапқа алған ҳалда телевизиялық жанрлар да түрленип барды.

1991-2004-жыллары телевидениедеги дөретиўшилик жәмәәттиң излениўиниң нәтийжесинде телевидениеде: телеанкета, телевикторина, телеконференция, телеакция, телеклуб, телекүнделик, телесаяхат, телеқадағалаў, тележарыс, телекурьер, телеэкспедиция, телекөрсетиў, киноконцерт, депутат айнасы, ҳүкимет айнасы, киносаяхат,

телеойын, ҳүжжетли гүрриң, телешоу, супер шоу, интеллектуаллық ойынлар, интерактивли бағдарламалар, моноспектакль, мультоптама, клип, лингвистикалық телеолимпиада, этнографиялық телеолимпиада, әдебий телеолимпиада, журналистлик изертлеў, реалити-шоу, теле-эссе, экологиялық бағдарлама, авторлық бағдарламалар көбейгенлигин бақлаўға болады.

Булардың ишинде клип ҳәм журналистлик изертлеў жанрлары кең аудиторияны өзине қарата алды.

# ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ТЕЛЕЖАНРЛАРДЫҢ ӨЗГЕШЕЛИГИ ҲӘМ ӘҲМИЙЕТИ

Телеинформация – ең киши ҳәм тамашагөйлерге оператив түрде жеткерилетуғын жанр. Информацияда оперативлилик ҳәм анықлылық белгилер әҳмийетли болып есапланады. Телеинформация жәмийетте жүз берип атырған ўақыяларды, өмирдеги күнделикли қубылысларды сол ўақытта, саатта, күнинде көрсетип береди. Баслаўшы сөзи менен кадр артында турып оқылатуғын текстлер айқын, анықлылығы ҳәм қысқалығы, сондай-ақ, мазмунлылығы менен ажыралып турады. Бул тийкарда телеграфлық стиль менен анықлылық ең баслы орында болады. Телеинформацияның баспа сөз информациясынан өзгешелиги шынлылық, фактлилик ҳәм тәсирлилик болып табылады.

Телесәўбеттиң тәсирли болып шығыўы алып барыўшының билимлилик дәрежесине байланыслы. Тележурналист сәўбетлеси менен болатуғын сәўбетке ылайықлы теманы таңлай алған ба, сәўбетлеси сол тема жөнинде жақсы түсиникке ийе ме, сол мәселе бойынша журналисттиң өз таярлығы қандай, ол көрсетиўге қатнасып атырған сәўбетлесине әҳмийетли ҳәм қызықлы болған сораўларды бере алған ба? Журналист жәмийетлик әҳмийетке ийе болған мәселе бойынша зәрүрли инсанлар менен сәўбетлесип, оның пикирин биледи, сол мәселе бойынша оннан түсиник алады, кеңеседи. Бунда көпшилик

жағдайда аўызеки сөйлесиўге тийкарғы итибар қаратылып, онда айқынлылық, сөз саплаў дәрежеси, ҳәммеге түсиниклилиги ең баслы орынға қойылады. Телесәўбетлер тийкарынан сораў-жуўап, диалог, монолог, дөңгелек стол әтирапында шөлкемлестириледи. Текстсиз сәўбетте алып барыўшының сөйлеў стили, пикирлеў дүньясы, ақыл-парасаты, сөйлеў шеберлилиги анық көринеди. Сәўбет жуўап бериўшиниң дәрежесине қарай сәўбет-информация, сәўбет-пикир, сәўбет-сезим, сәўбет-социологиялық изертлеў болып бөлинеди.

Тележурналистикада сәўбет ҳәм оны алып барыў принциплери менен техникасы үлкен әҳмийетке ийе. Сәўбетлесиў арқалы алып барыўшы өзиниң қарсы алдында отырған адамның ой-пикирине ортақласып, тамашагөйлерге белгили бир информация бериў арқалы оның ишки дүньясына тәсир етеди.

Тележурналисттиң қуралы – сөз, көринис, музыка, тәбийғый даўыслар ҳәм ҳәр түрдеги көринислер болып табылады.

Журналисттиң дөретиўшилик хызмети тема таңлаўдан басланады. Ал тема қайдан келип шығады? Бизди қоршап турған күнделикли турмыста қызықлы, мазмунлы болған темалар оғада көп. Тек ғана соларды бақлап, гүзетип, өзгертип, мәни берип билиў тийкарғы ўазыйпа болады.

Сәўбет процессинде алып барыўшының сәўбетлесине беретуғын сораўы тийкарғы орынды ийелейди. Журналисттиң өз сәўбетлесине беретуғын сораўлары танысыў ушын, байланыс орнатыў ушын, бағдарламалық бақлаў ушын ҳәм адреслик сораўлар болып 4 ке бөлинеди.

«Зериктиретуғын жанрлардан басқа жанрлардың бәри жақсы», - деген еди Вольтер. Журналист ҳақыйқый билимли журналист болыўды қәлесе, барлық газета журналларды қунт пенен үйрениўи, бул тараўда өз билимин жетилистириўи керек. Себеби, журналистика – бул турмыслық, дөретиўшилик жумыс. Бул жумыс әдебий уқыпты, тема үстинде ҳәр бир сөз үстинде жүдә қунт пенен ислеўди, өмирди, практиканы, адамларды терең үйренип барыўды, үзликсиз билим алыўды талап етеди.

Ҳәмме жанрларға қойылатуғын талап: идеялық, ҳақыйқатлық, туўры ҳәм анық-рәўшан баян етиў болып табылады.

Журналист ўазыйпасы қызықлы, актуал тема таңлай билиў, материалды ҳәр тәреплеме ҳәм терең үйрениў, өзиниң дөретиўшилик пикирин әмелге асырыў ушын материал топлаў, фактлерди саралаў, оларды дурыс анализлеў, кейин пайдалы жуўмақлар шығарыў, мазмунлы тамалаў болып есапланады.

Телевизиялық көрсетиўлердиң газета-журналлар, радиодан баслы айырмашылығы сәўлелендириў ҳәм ҳаўазында көринеди. Көрсетиўди таярлаў барысында журналист тек текст жазып қоймай, иллюстрациялық жақтан да хызмет етеди. Базы ўақытлары көрсетиўдиң сюжетине сай музыка таңлайды. Әдетте, телевизиялық текстлер қағаз бетиниң оң жағына жазылады, ал оның иллюстрациялық безелиўи ҳаққындағы мағлыўмат шеп жағына жазылады.

Газетада интервью журналист тәрепинен қағазда берилип, диалог ямаса монолог формасында бериледи. Ал экранда болса журналист пенен сәўбетлесиўши көринип, тамашагөйлер менен тиккелей қатнас жасайды. Тележурналист соның менен бирге, коллективли интервью шөлкемлестирсе болады, яғный «Дөңгелек стол» әтирапында гүрриңлесиў алып барады.

**Телехабар.** Хабар – журналистиканың кең таркалған, болып өткен ўақыя, ҳәдийселер жөнинде фактлер тийкарында қысқа ҳәм анық мағлыўмат беретуғын жанрлардың бири. Ол тийкарынан «Не? Қай жерде? Қашан?» деген сораўларға жуўап береди. Айырым жағдайларда ўақыяның себеплери ҳәм нәтийжелери ҳаққында да айтып өтиледи.

Хабарда тийкарынан объективлилик (ҳақыйқатлық) ҳәм фактлердиң анықлығы әҳмийетли есапланады.

Хабардың фактологиялық тийкарын қураған адам атлары, георафиялық атамалар, санлы мағлыўматлар әбден тексерилген, қайта-қайта анықланған болыўы керек.

Хабар үстинде ислеп атырған журналист телефон арқалы алынған мағлыўматлардан пайдаланбай, өз көзи менен көрген ўақыя ҳәм ҳәдийселер ҳаққында жазыўы керек. Егер ол басқа бир тийкардан пайдаланса (гүўаның көрсетпеси, баспа сөз материалы, арнаўлы хызметкердиң пикири), әлбетте бул дәректи айтып өтиўи керек.

Ўақыяның барысын ашып беретуғын, зәрүрли ҳәм жәмийетшиликтиң итибарына ылайық болған хабар ғана хабар бола алады. Хабар үстинде ислеп атырған журналист ең дәслеп қысқа ўақыт ишинде (1-1,5 минут) максимал көлемдеги мағлыўматты жеткериў ҳәм телетамашагөйлердиң қабыл етиў дәрежесин арттырыўы керек. Хабардың композициясын қураған элементлерден кирисиў, тийкарғы ҳәм жуўмақлаў бөлимлери арасында кирисиў бөлими айырықша дыққатқа ылайық. Телетамашагөйдиң хабарды қызығып көриўи ямаса көрмеўи усы бөлимниң ислениўине тиккелей байланыслы есапланады.

Хабардың кирисиў бөлими ҳәр қыйлы болады. Ең көп ушырасатуғын кирисиў бөлиминде қандайда бир ўақыя ҳаққында мағлыўмат бериледи. Соңынан әҳмийетли фактлерден әҳмийетли дәрежеси кемирек болған фактлерге

қарағанда бул мағлыўмат тийкарғы бөлимде логикалық раўажланып барады. Бул өз гезегинде хабардың ҳақыйқыйлығын арттырады. Айырым жағдайларда белгили инсанның пикирине тийкарланып басланатуғын кирисиў бөлими де ушырасады.

Соңғы дәўирлерде телевизиялық бағдарламаларда репортаж яки шолыўдың элементлерин өзине жәмлеген хабарларды ушыратыў мүмкин. Бундай хабарлар тележурналистлердиң жаңа тәсирли телевизиялық формаларды излеўде, инсанның жанлы көринисин ҳәм ҳаўазын жеткериўде телевидениениң кең мүмкиншиликлеринен пайдаланып атырғанлығынан кепиллик береди.

Бүгинги күнде телехабардың алдына қойылатуғын тийкарғы талапларының бири оның максимал тезлигин арттырыў болып табылады. Қысқа информациялар ўақыяларды, жаңалықларды хабарлап ғана қояды. Мысалы, ОРТ да «Новости», Өзбекстан телеканалында «Ахборот», Қарақалпақстан телеканалында «Хабар» информациялық көрсетиўлериниң тийкарын қысқа информациялар қурайды.

**Телеинтервью.** Телеинтервью – информациялық жанр болып, онда тележурналистиканың өзине тәнлиги дәрҳал көринеди. Телеинтервьюдиң дүзилиси еки бөлимнен турады: 1) журналисттиң интервью берип атырған адамға берген сораўы; 2) бул сораўларға алынған жуўаплары,

интервью алып атырған журналисттиң тийкарғы мақсети – интервью берип атырған тәрептен илажы барынша көбирек мағлыўмат алыў ҳәм телетамашагөйлерге түсиникли етип жеткерип бериў.

Телеинтервьюдиң газетадағы интервьюден айырмашылығы газетада интервьюди журналисттиң өзи баян етеди, яғный сораўларды ҳәм алынған жуўапларды қәлеген тәртип және бағдарда бере алады. Телевидениеде болса интервью алып атырған ўақытта телетамашагөй тәрепинен қабыл етиледи, газетадағы журналист интервью алынғаннан  кейин ғана ол үстинде жумыс алып барады. Тележурналист болса керисинше, интервью алыў ушын алдын таярланады. Интервью берген тәрептиң жуўапларын, ой-пикирлерин газеташыжурналист туўрылап, дүзетип бериўи мүмкин, телевидениеде болса бул жуўапларды дүзетип туўрылап болмайды. Олар қалайынша лентаға жазылған болса ямаса туўрыдан-туўры эфирден берилген болса телевизор көриўшилер тәрепинен солайынша қабыл етиледи.

Интервью өз алдына көрсетиў формасында да, айырым көрсетиўлердиң қурамында да берилиўи мүмкин. Өз алдына көрсетиў сыпатында телеинтервью композициялық ҳәм мазмунлық жақтан тамамланыўы менен ажыралып турады. Басқа жанрларда пайдаланатуғын интервью болса еки функцияны орынлаўы мүмкин:

1) Сапа функциясы – интервьюди тамашалап отырғанларды интервью берип атырған адамның пикири, көз қараслары менен таныстырады, ишки дүньясын ашып береди.

2) муғдар функциясы – интервью барысында сөз етилип атырған ўақыя ҳаққындағы айырым конкрект дәлийллер, мәлимлемелерге анықлық киргизеди.

Телеинтервьюде журналист сораўлардың авторы, атқарыўшысы, шөлкемлестириўшиси ҳәм белгили дәрежеде көрсетиўдиң режиссёры ролин атқарады. Соның ушын компонент тәреплер менен сөйлесиўге таярланған ўақытта ол төмендеги талапларға жуўап бериўи шәрт:

- интервью қаҳарманын жақсы билиўи керек, сонда берилип атырған сораўлар анық ҳәм мазмунлы болып шығады;

- интервьюдиң мақсети ҳәм редакцияның ўазыйпалары ҳаққында умытпаўы керек;

- интервью алып барып атырғанда телетамашагөйлердиң талап ҳәм қызығыўшылығын есапқа алыў керек;

- ҳаўаз жағымлы, көринис тартымлы болыўы керек.

Интервью алдынан бир неше минут бурын мүмкиншилиги болғанынша интервью бериўши менен рәсмий емес формада сөйлесип алыў, оны лентаға жазып алыўға таярлаў керек. Сондай-ақ, журналисттиң сәўбетлеси

интервьюдиң мақсети ҳәм таярланған сораўлары менен танысып шықса мақсетке муўапық болады. Интервью болатуғын орында ашық кеўилилик ҳәм дослық орталығын жүзеге келтириў зәрүр. Егер таярлық жақсы алып барылса, интервью бериўши мүлайым болады, ҳәр тәреплеме интервью ушын таяр болады ҳәм ҳеш бир теле техникаға жалтақ болмай, берилегн сораўларға тәбийғый жәнe исенимли жуўап бере алады.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Жуўмақластырып айтқанда, тележурналистика жанрлары ғалаба хабар қуралларының басқа да түрлеринен өзиниң көриниси, музыкалылығы, шаўқымлы эффектлери арқалы тәсир жасай алыўы менен ажыралып турады. Биз солардың қатарында, көпшилик телевидениелер жумыс баслағанда, ҳәттеки Қарақалпақстан телевидениеси жумыс баслаған ўақтында эфир ўақтының тийкарғы бөлегин ийелеген ҳәм ҳәзирги ўақытта да жәмийетшиликтиң кең итибарына ерисип киятырған информациялық жанрлар ҳаққында сөз еттик. Бүгинги дәўир информациялық дәўир . Сонлықтан, информация ҳәм информациялық материаллар ең тийкарғы орынға көтерилетуғын ўақыт деп қарасақ болады. Солай екен, биз сөз еткен тележанрлардың ишинде ең кең орын ийелейтуғын информациялық жанрлар - дәўир жанрлары деп атаў керек болған жанрлардан болып табылады.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ


1) **КАРИМОВ И.А. «ЎЗБЕКИСТОН БУЮК КЕЛАЖАК САРИ»** ТОШКЕНТ, «ЎЗБЕКИСТОН», 1998.

2) **КАРИМОВ И.А. «ЮКСАК МАЪНАВИЯТ – ЕНГИЛМАС КУЧ»** ТОШКЕНТ, «МАЪНАВИЯТ», 2008.

3) **УСНАТДИНОВ Ш. «ЖУРНАЛИСТИКАҒА КИРИСИЎ»** НӨКИС, «ҚАРАҚАЛПАҚСТАН», 2008.

4) **ПАЛЎАНОВ Б.П. «ТЕЛЕЖУРНАЛИСТИКА ТИЙКАРЛАРЫ»** НӨКИС, 2005.

5) **БАРМАНҚУЛОВ М. ЖУРНАЛИСТИКА САЛАЛАРЫНДА ЖАНР МӘСЕЛЕСИ.** АЛМАТЫ, 1998.

6) **www.uza.uz**

7) **www.uz.wikipedia.org**